

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan, populasi jeung sampel, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif nyaéta métode nu didasaran ku filsafat positivism, dilarapkeun pikeun nalungtik populasi atawa sampel nu tangtu, ngumpulkeun data ngagunakeun instrumén panalungtikan, analisis data sipatna kuantitatif atawa statistik nu tujuanana pikeun nguji hipotésis nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2015, kc. 13). Tradisi positivism ngagunakeun landasan mikir “ayana hiji barang tangtu ngabogaan *besaran* nu bisa diukur”. Disebut pamarekan kuantitatif lantaran objek nu ditalungtik dikaji sacara kuantitatif, desain panalungtikan ngagunakeun angka-angka nu diolah sacara statistik, struktur, jeung percobaan sacara kakontrol. Hal penting lianna nu kudu aya dina panalungtikan nyaéta métode panalungtikan.

Métode nu digunkeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode ékspérimén. Métode panalungtikan dilakukeun pikeun meunangkeun data. Métode ékspérimén mangrupa métode nu pangmurnina dina pamarekan kuantitatif (Nana Syaodih dina Hamdi & Bahruddin, 2014, kc. 7), lantaran sakabéh prinsip jeung kaidah-kaidah kuantitatif bisa dilarapkeun dina ieu pamarekan. Sipat métode ékspérimén nyaéta *validation* atawa nguji (Krathwowohl dina Hamdi & Bahruddin, 2014, kc. 8) nyaéta nguji pangaruh hiji variabel kana variabel lianna.

Métode ékspérimén dibagi jadi tilu jenis nyaéta pra ékspérimén (*weak experiment*), ékspérimén semu (*quasi eksperiment*), jeung ékspérimén murni (*true experiment*) (Maksum, 2012, kc. 67). Métode ékspérimén nu digunakeun nyaéta ékspérimén murni ngagunakeun dua kelompok nyaéta kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol.

Métode nu digunakeun kudu luyu jeung tujuan panalungtikan. Métode

ékspérimén bisa dilarapkeun dina pagawéan diajar pikeun ngalakukeun hiji hal atawa “*belajar untuk berbuat*” ku kituna ieu métode bisa dilarapkeun kana modél pangajaran. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2017, kc. 72) nu nétélakeun panalungtikan ékspérimén mangrupa panalungtikan nu dijerona aya perlakuan (*treatment*) nu digunakeun pikeun maluruh pangaruh *treatment* kana lianna dina kondisi nu dikendalikeun.

Dumasar métode panalungtikan di luhur, desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *Pretest-Posttest Control Group Design*. Dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta kelompok nu ngagunakeun métode ECOLA jeung kelompok nu teu ngagunakeun métode ECOLA. Desainna bisa katitén saperti ieu di handap:

R O ₁	X	O ₂
R O ₃		O ₄

Bagan 1.1
Pretest-Posttest Control Group Design

Katerangan:

- R O₁ : Random kelas nu ngagunakeun métode ECOLA
- R O₂ : Random kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA
- X : *Treatment* pangajaran maca pamahaman carita pondok ngagunakeun métode ECOLA
- O₁ : Kamampuh maca pamahaman siswa saméméh di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA
- O₂ : Kamampuh maca pamahaman siswa sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA
- O₃ : Kamampuh maca pamahaman siswa saméméh di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA
- O₄ : Kamampuh maca pamahaman siswa sabada di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA

Tina desain di luhur katitén ayana kelompok nu ngagunakeun métode ECOLA (R O₁) jeung kelompok nu teu ngagunakeun métode ECOLA (R O₂) salaku pembandingan (R O₃) dibéré tés awal nu sarua (O₁, O₃). Kelas nu ngagunakeun métode ECOLA dibéré *traetment* husus nya éta ngagunakeun métode ECOLA dina maca pamahaman carita pondok. sabada kitu, kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung nu teu ngagunakeun métode ECOLA dibéré tés anu sarua salaku tés ahir. Hasil ahir tés digunakeun pikeun maluruh kamampuh saméméh jeung sabada

kelompok nu ngagunakeun métode ECOLA ogé ngabandingkeun kamampuh sabada jeung saméméh kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Taun Ajar 2021/2022 anu sumebar di lima kelas nyaéta ti kelas VIII-A nepi ka kelas VII- E anu jumlahna 151 siswa. Ieu luyu jeung pamanggih Sugiyono (2015, kc. 114) nétélakeun yén populasi nyaéta generalisasi nu ngawengku objék/subjék nu miboga kualitas jeung karakteristik nu tangtu sarta sarta ditetepkeun ku panalungtik pikeun ditalungtik tuluy dijieun kacindekana.

Tabél 3.1
Populasi Panalungtikan

Kelas	Siswa Awéwé	Siswa Lalaki	Jumlah
VIII A	15	12	27
VIII B	12	15	27
VIII C	12	14	26
VIII D	13	16	29
VIII E	14	14	28

3.2.2 Sampel

Téhnik sampel mangrupa téhnik pikeun nangtukeun sampel nu digunakeun dina unggal panalungtikan (Sugiyono, 2015, kc. 81). Téhnik *sample* dibagi dua nyaéta *probability sampling* jeung *non probability sampling*. Téhnik *probability sampling* dibagi jadi sababaraha jenis nyaéta *simple random sampling*, *proponate stratifies random sampling*, *disproportionate stratified random*, jeung *sampling area (cluster) sampling*. Dina ieu panalungtikan téhnik nu digunakeun nyaéta *simple random sampling*. Téhnik *simple random sampling* nyaéta téhnik nyokot anggota sampel tina populasi nu dilakukeun sacara acak tanpa merhatikeun strata nu aya dina éta populasi (Sugiyono, 2017, kc. 82). Kaonjoyan ieu métode nyaéta bisa dilarapkeun dina jumlah populasi nu saeutik, rumus nu digunakeun leuwih simpel, jeung teu ngabutuhkeun informasi tambahan saperti wilayah géografis


jeung daftar lengkep élemén populasi survéi. Ku kituna dilakukeun sacara acak pikeun nangtukeun sampel nu ngagunakeun métode ECOLA jeung sampel nu teu ngagunakeun métode ECOLA. Dumasar kana hasil undian, kelas nu ngagunakeun métode ECOLA nyaéta kelas 8B sedengkeun kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA nyaéta kelas 8A.

Tabél 3.2
Sampel Panalungtikan

Kelas	Awéwé	Lalaki	Jumlah
8B (Nu ngagunakeun métode ECOLA)	12	15	27
8C (Nu teu ngagunakeun métode ECOLA)	12	14	26

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan. tahapan-tahapan nu kudu dilakukeun dijéntrékeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 2
Prosedur Panalungtikan

Pamarekan nu diguankeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan métode ékspérimén murni. Desain nu digunakeun nyaéta *control group pretest and posttest design*. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa déskripsi prosedur panalungtikan.

- a. Masalah anu karandapan dina Pangajaran Maca Pamahaman Carita Pondok

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMP Muhammadiyah 4 Margahayu jeung sababaraha siswa pikeun maluruh masalah nu karandapan dina pangajaran maca pamahaman carita pondok.
- b. Rumusan masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh kamampuh maca pamahaman di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu.
- c. Raraga téori

Raraga téori dijieun dijieun minangka acuan tur gambaran ngeunaan objék panalungtikan.
- d. Ngarumuskeun hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban samentara nu kudu diuji deui bebeneranna. Pikeun nyusun hipotésis anu bener, hipotésis kudu luyu jeung aturan-aturan atawa kritéria anu geus ditangtukeun.
- e. Nyusun Instrumén

Nyusun instrumén penting dilakukeun minangka alat pikeun ngyukur kamampuh siswa. Instrumén anu geus dijieun ku panalungtik tuluy divalidasi ku para ahli.
- f. Nangtukeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol

Kelas ékspérimén jeung kelas kontrol ditangtukeun sacara acak ngagunakeun aplikasi spin the wheel.
- g. Ngumpulkeun Data (*pre-test*)

Data hasil *pre test* di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol tuluy dianalisis sarta diasupkeun kana format penilaian. Ieu data dijadikeun dasar pikeun

maluruh ngaronjat henteuna nilai saméméh jeung sabada boh di kelas ékspérimén boh di kelas kontrol.

h. Ngalaksanakeun *treatment* di kelas ékspérimén

Sabada kapanggih masalah anu aya di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun Ajar 2021/2022, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés tulis pilihan ganda. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta pre-test nu dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA, sedengkeun post-test dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA

i. Ngumpulkeun jeung Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data pre-test jeung post-test. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW versi 18.

j. Tahap ngolah data

Sabada ngalaksanakeun tés saméméh (*pretest*) jeung tés sabada (*posttest*) tangtu aya data nu dicangking. Sakabéh data diolah ngagunakeun rumus statistika. Anapon léngkah-léngkah ngolah data dijéntrékeun di handap.

- 1) Ngolah hasil data saméméh di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA;
- 2) Ngolah data sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung sabada di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA;

k. Nyusun Laporan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jenung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik tés nyaéta téhnik évaluasi nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh

maca kelompok nu ngagunakeun métode ECOLA jeung kelompok nu teu ngagunakeun métode ECOLA. Téhnik tés bisa dijadikeun alat ukur tujuan pangajaran bisa kahontal lantaran bisa maluruh program pangajaran nu geus ditangtukeun sarta anu geus kahontal (Sudijono, 2007, kc. 66). Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilakukeun sababaraha tahap nyaéta tés kamampuh saméméh di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol sarta kamampuh sabada di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa ngukur objék tina variabel panalungtikan. Ieu luyu jeung pamanggih Sugiyono (2017, kc, 181) yén instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngukur hiji hal nu aya dina panalungtikan. Ku kituna instrumén miboga kalungguhan nu kacida pentingna.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés tulis dina wangun pilihan ganda mangrupa téhnik évaluasi nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sarta ngukur kamampuh maca pamahaman carita pondok. Sabada kitu, tuluy siswa diukur kamampuh maca pamahamanna sanggeus dibéré *treatment*. Hasil tés sabada jeung saméméh tuluy dibandingkeun pikeun nguji éféktivitas métode ECOLA dina pangajaran maca pamahaman carita pondok.

Tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham eusi carita pondok dina nangtukeun: 1) struktur téks carita pondok nu ngawengku narasi, dialog, jeung alur téks, 2) Unsur-unsur carita pondok nu ngawengku téma, puseur pamiangan, alur carita, amanat, jeung latar carita, sarta 3) nangtukeun topik carita. Wanda tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis dina wangun pilihan ganda ngagunakeun 4 *option* (a,b,c, jeung d). Jumlah soal tés nyaéta 20 soal. Kisi-kisi soal dijabarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Kisi-kisi Soal Pilihan Ganda

KOMPETENSI DASAR (KD)					
3.7 Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok					
No.	Materi	Indikator Soal	Ranah Kognitif	Jumlah Butir Soal	No. Soal
1.	Tokoh	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi para pelaku. Tokoh utama, <i>panglengkep</i> dan <i>watek</i> tokoh dengan tepat.	C1	2	11, 15
2.	Watek	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi watek tokoh dalam cerita.	C1	2	12, 17,
3.	Latar	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi latar waktu dan tempat dengan tepat.	C1	4	3, 7, 8, 19
4.	Galur	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi <i>galur</i> dengan tepat.	C1	1	2
5.	Sudut Pandang	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengidentifikasi sudut pandang dengan tepat.	C1	1	5

6.	Tema	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menjelaskan tema dengan tepat.	C2	1	16
7.	Amanat	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menganalisis amanat dengan tepat.	C4	1	9
8.	Kalimah Injeuman	Disajikan teks carpon, siswa dapat mengartikan makna <i>kalimah injeuman</i> yang terdapat pada teks.	C2	2	4, 13
9.	Pikiran utama paragraf	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menentukan pikiran utama dengan tepat.	C3	1	14
10.	Narasi	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan teks narasi dengan tepat.	C2	1	1
11.	Dialog	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat mengkategorikan dialog dengan tepat.	C2	2	10, 18
12.	Sinonim	Disajikan teks carpon, peserta didik dapat menentukan sinonim dari kata yang dipilih.	C2	2	6, 20

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan ngumpulkeun sakabéh data ti réspóndén data nu geus kakumpul (Sugiyono, 2017, kc. 436). Tujuan analisis data nyaéta pikeun nguji hipotésis sarta ngajawab rumusan masalah nu geus dirumuskeun saacanna. Sababaraha tahap nu digunakeun dina analisis data didésripsikeun ieu di handap.

- a. Mariksa kamampuh maca pamahaman carita pondok di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA. Aspék-aspek nu dipeunteun luyu jeung kisi-kisi soal.

Tabél 3.3
Skala Skor Aspék Maca Pamahaman Carita Pondok

No.	Aspék	Skor	Kritéria
A.	Struktur	0	1 Kurang Pisan
	a. Narasi	1	2 Kurang
	b. Dialog	2	3 Sedeng
		3	4 Hadé
B.	Unsur	0	1 Kurang pisan
	a. Téma	1-4	2 Kurang
	b. Tokoh		
	c. Latar	5-9	3 Sedeng
	d. Galur		
	e. Sudut Pandang	10-13	4 Hadé
	f. Amanat		
C.	Basa	0	1 Kurang Pisan
	a. Harti Kecap	1-2	2 Kurang
	b. Sinonim	3	3 Sedeng
		4-5	4 Hadé

(Nurgiyantoro, 2011, kc. 392) kalayan disaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa.

Tabél 3.4
Format Nilai Pretest Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok

No.	Aspék anu Dipeunteun							P	Katégori
	A	B	C	D	E	F	G		
Absén Siswa									
Σ									
\bar{X}									

Tabél 3.5
Format Nilai *Posttest* Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok

No. Absén Siswa	Aspék anu Dipeunteun							P	Katégori
	A	B	C	D	E	F	G		
Σ									
\bar{X}									

- b. Méré peunteun kamampuh maca pamahaman carita pondok di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA. Aspék-aspék nu dipeunteun luyu jeung kisi-kisi soal.

Tabél 3.6
Tabél Skala Peunteun Maca Pamahaman Carita Pondok

Skala	Katégori
76-100	Hadé
51-75	Sedeng
26-50	Kurang
0-25	Kurang pisan

$$Peunteun = \frac{\Sigma \text{Skor Kahontal}}{\Sigma \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

3.6.1 Uji Sipat Data

Data-data anu geus kakumpul tuluy dilakukeun uji sipat data nu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Dina prosés uji data, nu kaasup distribusi normal atawa data homogén nyaéta lamun nilai signifikansi leuwih ti 0,05 05 (sig. > 0,05). Saupama kurang ti 0,05 (sig. < 0,05) mangka éta data kaasup kana distribusi anu teu normal atawa teu homogén. Prosés uji statistik dirojong ku program komputer IBM SPSS Statistics 25, uji normalitas ngagunakeun *Kolmogorov-Smirnov* sedengkeun uji homogénitas ngagunakeun *Levene Test*. Aplikasi IBM SPSS Statistics 25 miboga fungsi dina ngolah, ngitung, jeung analisis data dina

panalungtikan sacara statistik. Anapon data nu dianalisis nyaéta kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA jeung di kelas anu teu ngagunakeun métode ECOLA.

a. Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun ngayakinkeun kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Uji normalitas dilakukeun ngagunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov* atawa *Shapiro-Wilk* dina aplikasi IBM Statistics 25. Ieu di handap mangrupa hipotésis panalungtikan dina uji normalitas.

H_a : data miboga distribusi anu normal.

H_0 : data miboga distribusi anu teu normal.

Taraf signifikansi anu dipaké nyaéta $\text{sig} > 0,05$.

b. Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji nu dilakukeun pikeun mikanyaho homogénitas sampel tina populasi nu sarua atawa homogén. Pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna data nu rék ditalungtikan, bisa ngagunakeun uji *Levene* dina aplikasi IBM SPSS Statistics 25 ngaliwatan signifikansi 5% ($\alpha = 0.05$), anapon kritéria ngujina nyaéta:

H_a : ditarima saupama nilai sig (signifikansi) $> 0,05$.

H_0 : ditolak, saupama nilai sig (signifikansi) $< 0,05$.

Ieu di handap mangrupa hipotésis pikeun uji homogénitas data dina ieu panalungtikan.

H_a : data miboga varian sampel anu homogén.

H_0 : data miboga varian sampel anu teu homogén.

3.6.2 Uji Hipotésis

Hipotésis asalna tina kecap *hipo* nu hartina nyamuni jeung *theses* nu hartina *statment* atawa *pernyataan*. Maksudnya hipotésis nyaéta kamandang ngeunaan hiji hal anu nyamuni, hiji hal nu bebeneranna can dipaluruh sacara pasti (Saefuddin dina

Syaifullah. Soemantri, 2016, kc. 21). Tujuan uji hipotésis nyaéta pikeun mikanyaho rumusan hipotésis ditarima atawa ditolak. Ditarima sarta ditolakna hipotésis ditangtukeun dumasar kritéria ieu di handap.

H_a : aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajar 2021/2022 nu ngagunakeun métode ECOLA jeung anu teu ngagunakeun métode ECOLA.

H_0 : teu aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajar 2021/2022 nu ngagunakeun métode ECOLA jeung anu teu ngagunakeun métode ECOLA.

Uji hipotésis ngagunakeun statistik pamamétris *t-test* saupama data hasil uji normalitas, sedengkeun saupama datana miboga distribusi anu teu normal uji data ngagunakeun statistika nonparamétris kalawan uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Ngaliwatan ieu panalungtikan, dipiharep aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa nu ngagunakeun métode ECOLA jeung anu teu ngagunakeun métode ECOLA. Hartina métode ECOLA mangrupa salasihiji métode nu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca utamanaa maca pamahaman carita pondok hususna keur siswa-siswi SMP Muhammadiyah 4 Margahayu. Sanajan kitu, panalungtik kudu nangtukeun ditarimana hipotésis kalawan rumus saperti ieu di handap:

Upama nilai $(sig) > 0.05$, H_a ditolak jeung H_0 ditarima

Upama nilai $(sig) < 0.05$, H_a ditarima jeung H_0 ditolak